



PONTIFICIA  
UNIVERSIDAD  
CATÓLICA  
DE CHILE

Rapò egzekitif  
**Pwogram**  
**entèkiltirèl UC**

Oktòb, 2022

Rapò egzekitif

# **Pwogram entèkiltirèl UC**



# PREZANTASYON RAPÒ

Chè kominote inivèsite:

Nou kontan prezante w **Pwogram entèkiltirèl UC** la. Inisyativ sa a soti nan konviksyon inivèsite a genyen kòm responsablite, konviksyon pou ankouraje yon chanjman kiltirèl pwofon nan anviwònman inivèsite nou an, kontribye nan rekonèt valè entèkiltirèl kòm yon aspè santral nan travay nou.

Nou konprann pou entèkiltirèl respè ak pwomosyon divèsite kiltirèl anba sipozisyon rekonnesans dwa moun ak diyite ke chak moun posede endepandan de orijin, sèks, laj, apatenans teritoryal ak relijyon moun nan. Entèkiltiralite sipoze donk, kilti ak moun ki fè pati yo, li anrichi atravè kontak ki tabli antre yo. Li konsidere echanj, dyalòg ak entèraksyon pozitif se eleman kritik nan yon sosyete pliryèl.

Lè nou konsidere wòl fondamantal nou jwe antanke antite inivèsite legliz la nan fòmasyon moun, jenerasyon ak transfere konesans pou pwomosyon nouvo dirijan pou peyi a, se ap defi nou e motive pou nou ankouraje travay sa a, nan matyè lansman yon konstriksyon kominote inivèsite pliryèl epi ki kontribye nan devlopman sosyete ki pi agradab, pi jis e ki pi enklizif. Pou rezon sa a, apati 2021, epi piti a piti, n ap mete an aplikasyon Pwogram entèkiltirèl UC atravè konsepsyon ak atikilasyon yon seri inisyativ estratejik ki lye ak plan devlopman inivèsite a.

Pwogram sa a te prepare pa 84 moun ki fè pati tout nivo nan kominote inivèsite a, ki gen ladan 18 fakilte yo, Kanpis Villarrica, Pwogram Kolèj la, Sant pou Etid Entèkiltirèl ak Endijèn (CIIR), Pastoral UC ak pwofesyonèl ki soti nan tout visrektwa yo ak enstans nan Direksyon Siperyè nan inivèsite a.

Nou remèsye tout pou gwo angajman yo ak devouman pou devlope pwogram sa a ki vize tout kominote inivèsite nou an, etidyan, akademik, pwofesyonèl ak anplwaye administratif yo.

Nou envite tout kominote inivèsite nou an pou yo fè pati nouvo inisyativ sa a ak espwa ke li pral fè nou grandi kòm yon enstitisyon nan sèvis Legliz la ak peyi nou an.

**Ignacio Sánchez D.**

Rektè

Pontifis Inivèsite Katolik nan Chili

**Roberto González G.**

Direktè Pwogram Intèkiltirèl UC

Lekòl sikoloji

Pontifis Inivèsite Katolik nan Chili









# RAPÒ EGZEKITI

Pwogram entèkiltirèl UC la baze sou mesaj Pap Franswa pwopoze nan divès lèt apostolik e komisyon, kote yo apresye e rekonèt enpòtans ki genyen nan rankont divèsite kiltirèl yo. Sen Pap la, nan mesaj li bay Fowòm Sosyal Mondyal sou Migrasyon nan Meksik (2018), mete aksan sou nosyon pou akeyi, pwoteje, pwomouvwa ak entegrasyon diferan pèp yo, ak sa a tou, li envite Legliz inivèsèl ak sosyete a en jeneral pou yo pran sa kòm yon nesese. Leve vwa pwogram sa a reponn ak revandikasyon reyalyte peyi a, jodi a prezans diferan kilti vin tounen yon aks enprevi nasyonal.

Nan dènye ane yo, Chili de pli zan pli vin yon santral nan varyete kiltirèl. Kounye a, dat ki disponib yo endike 20% nan popilasyon an idantifye tèt yo kòm moun ki fè pati yon Pèp Orijinal oswa yon kominote migran oswa etranje. Lè nou konsidere wòl fondamantal Legliz la ak Kominote UC la jwe nan fòmasyon moun, jenerasyon konesans, ak nan pwomosyon nouvo jenerasyon lidè pou peyi a, nou jwenn defi ak motive pou ankouraje travay nan domèn sa a. Se poutèt sa, travay inisyativ ki konsantre sou bati yon kominote inivèsite pliryèl, divès kontribye nan devlopman yon sosyete ki pi agreyab e enklizif, se yon priorite.

Pou entèkiltiralite nou konprann se respè ak pwomosyon divèsite kiltirèl, rekonesans dwa moun ak diyite chak moun genyen, kèlkeswa orijin moun nan, sèks li, laj li, apatenans teritoryal ak relijyon li. Entèkiltiralite vle di kilti yo, ak moun yo ki fè pati l, anrichi nan kontak ki etabli ant yo. Anplis de sa, li konsidere echanj, dyalòg ak entèraksyon pozitif se eleman ki detèmi yon sosyete pliryèl.

Ansanm pou ankouraje mouvman sosyal gwoup li reprezante yo, nou espere ke pwogram sa a kontribye nan reflechi sou travay nou, sou fòm ak sou kontni, nan fason nou konekte, fason nou bay ak resevwa. Entèkiltiralite ofri nou opòtinite pou viv yon eksperyans transfòmasyon nan kapasite pou koute, nan ouvèti a nouvo konesans ak nan aprantisaj mityèl ant diferan kilti: soti nan fason nou anseye ak fason nou fè rechèch, lyen sosyal nou andedan kou deyò nan kominote inivèsite nou an. Lè sa a, entèkiltiralite ouvri wout pou nou transfòme konpreyansyon mond lan soti nan diferan kilti ak dimansyon respektif li yo.

Gras a entansyon sa yo, apati de 2021, pwogram sa a te pwogresivman ankouraje. Espere ke, atravè konsepsyon ki jwe yon seri inisyativ ki vize a ankouraje yon chanjman kiltirèl, dirab nan anviwònman inivèsite nou an, pral kontribye nan rekonèt valè entèkiltirèl kòm yon aspè santral nan travay nou an. Espesyalman, pwogram sa a ap chèche pou:

1. Ogmante prezans Etidyan ki fè pati gwoup kiltirèl yo ki pa reprezante, akademik, kolaboratè anplwaye administratif ak pwofesyonèl inivèsite a.
2. Ranfòse aktivite ansèyman, rechèch, devlopman politik piblik ak lyen nan anviwònman sosyal sou tèm entèkiltirèl.
3. Ankouraje viv ansanm inivèsite entèkiltirèl ki baze sou dyalòg, rekonesans ak apresyasyon divèsite manifestasyon kiltirèl nan domèn akademik, sosyal, atistik ak kiltirèl.
4. Ankouraje devlopman konesans ak konpetans, epi tou ak lòt pratik ansèyans tipik ak diferan ansèyman kilti ki prezans nan UC.


Pwogram sa a vize tout inivèsite yo, tout kominote yo ak enstitisyon ki lye ak nou pou chèche ankouraje yon espas de rankont ki chita sou dyalòg, fòmasyon ak viv ansanm. Kominote nou an konpoze ak etidyan, fonksyonè, akademik ak pwofesyonèl ki fè pati diferan gwoup kiltirèl ki pa reprezante yo, pami yo rekonèt moun ki fè pati Pèp orijinal yo, Moun Tribi Afro-desandan Chilyen ak kominote migran epi etranje yo.

Pwogram sa a, ki ann amoni ak Plan Devlopman UC 2020-2025, te prepare pa manm nan tout nivo nan kominote inivèsite a, ki gen ladan 18 fakilte yo, campus Villarrica, Kolèj ak enstans direksyon siperyè Inivèsite a ak Sant Etid Entèkiltirèl ak Endijèn. (CIIR).

Òganize Pwogram nan sou sis inisyativ estratejik. An premye lye, nan objektif pou ogmante divèsite kiltirèl nan inivèsite a, diminye baryè yo ki genyen ak risk pou segregasyon jèn ki fè pati pèp orijinal ak gwoup migran yo nan peyi nou an, **Inisyativ "Admisyon"** pral ankouraje ogmantasyon siyifikatif, nan enskripsyon etidyan ki fè pati pèp orijinal, ak moun ki soti nan fanmi chilyen ki desandan Afro ak kominote migran yo. Dezyèmman, **Inisyativ "Akonpayman ak lesan patikilye"** pral favorize aprantisaj sou pwèn akademik, pwèn de vi entegrasyon nan lavi inivèsite ak pwojeksyon karyè pwofesyonèl. Bò kote pa l, **"semans akademik"** pral pouse inisyativ yo ak pwogram ki parèy, akonpaye ak fòmè talan akademik ki fè pati gwoup kiltirèl ki pa reprezante yo ke pwogram sa a vize, enkòporasyon pwogram doktora nan pou fiti ak kòmansman yon karyè akademik. **"Ranfòsman pwogram doktora"**, katriyèm inisyativ la, pral chèche amelyore dimansyon entèkiltirèl nan pwogram doktora inivèsite nou an, atravè ogmantasyon etidyan yo ak vizibilite richès chèchè entèkiltirèl yo kap fèt nan kominote doktora UC nou an. Senkyèm inisyativ lan, **"Enklisyon Akademik"**, kontanple enkòporasyon akademik nan pwofil sa yo nan inivèsite nou an, pouwit pou ranfòse divèsite kiltirèl. Finalman, inisyativ pou **"Akeyi Kilti Enstitisyonèl"** pral yon aks santral epi transvèsal pou prepare kominote inivèsite a atravè kreyasyon espas de rankont nan yon anbyans sosyal, akademik ak atistik ankouraje viv ansanm nan tout pozitivite entèkiltirèl nan espas inivèsite nou yo.

Yo pral analize ak priyorite chak ane ansanm aktivite ki asosye ak chak inisyativ estratejik sa yo dapre direksyon bidjè a ak resous ki etabli pa jesyon siperyè inivèsite a nan zafè sa a. Pwogram nan pral enstale nan diran ane yo etap pa etap, pou asire entegrasyon apwopriye travay la nan diferan antite yo. Pou sa, li pral atikile politik aksyon ke inivèsite a deja devlope soti nan Pro-rektorya yo, tout Vis-Rektorya, Fakilte ak Inite Akademik li yo tankou: Politik enklizyon an (VRA), Egalite Entèkiltirèl (VRA), inisyativ **"Intènasyonalization la kay"** (VRAI), Sèn atistik pèp original nou yo (VRCEC), Depatman Atizay ak Kilti (VRI), Depatman Moun (VRE) ak Direksyon Pastoral, ak anpil lòt ankò.

Anplis de sa, travay yo pral fèt an konjonksyon avèk diferan espas akademik kote entèkiltiralite ap esansyèl pou fonksyonman li, tankou Campus Villarrica (ki gen aktivite tankou **Wiñol Tripantu - We Tripantu**, diskisyon ak otorite patrimwan yo, kou tankou Konpetans entèkiltirèl pou Akademisyen yo)., ak ansèyman lang Mapudungun, elatriye) ak sant rechèch tankou CIIR, ki gen pi gwo enpòtans pou konsepsyon ak aplikasyon pwogram entèkiltirèl nan UC. Anplis de sa, nou konsidere atikilasyon ak sant tankou COES, CEDETI, Sant Devlopman Lokal UC, Migrasyon UC ak Rezo Sant Estasyon Rejyonal UC (RCER-UC), pami lòt ankò. Sa ki pi ansyien yo pral pèmèt atikilasyon ak pwomosyon yon kominote divès, ouvè sou dyalòg, opòtinite devlopman pou tout manm li yo. Pou asire yon estrikti de jesyon ki pèmèt pwogram nan vin dirab, pwopoze pou kreye an mwayen tèm yon Direksyon entèkiltiralite ki lye ak prorektorya a. Direksyon sa a pral chèche tou sipèvizè konfòmite ak objektif pwogram nan ann amoni ak valè ki gide li, ki mande pou yon lidèchip santral ki pèmèt gide ak priyorite aksyon pou yon egzekisyon kòrèk ak evalyasyon pwogram entèkiltirèl UC la pandan ane yo.



Yon aspè santral nan pwogram sa a se òganize pon kolaborasyon ak enstitisyon nasyonal kou etranje ki deja gen yon chemen avanse nan zafè sa a. Se wòl enpòtan Biwo Vis Rektorya Afè Entènasyonal (VRAI) la jwe. Jiska dat, pwogram nan te lye ak University of Auckland (Nouvèl Zeland) ak University of Queensland (Ostrali). Anplis de sa, pon yo pral etabli ak Pontifis Universidad Católica de Lima (Peru), Universidad Católica Boliviana San Pablo (Bolivia), Universidad de los Andes (Kolonbi), TEC University of Monterrey (Meksik), University of California Davis. (USA), British Columbia (Kanada) ak University of Notre Dame (Ostrali), ak lòt ankò. Avèk menm objektif vizyon sa a, li espere etabli kolaborasyon ak enstitisyon edikasyon nasyonal siperyè yo tankou Inivèsite de La Frontera (UFRO), Inivèsite katolik de Temuco, Inivèsite katolik nan Nò, inivèsite yo ki nan rezo G9 ak DUOC UC.

Pou aprann sou Pwogram entèkiltiralite UC, tout entegrite ansanm Rapò a konplè sou entèkiltiralite UC nan <https://interculturalidad.uc.cl>.





PONTIFICIA  
UNIVERSIDAD  
CATÓLICA  
DE CHILE



# Programa Interculturalidad UC

